

Pwogram Bous Detid Edchoice (Edchoice Scholarship Program)

Fich Enfòmasyon pou 2024-2025

KISA PWOGRAM BOUS DETID EDCHOICE TRADISYONÈL (TRADITIONAL EDCHOICE SCHOLARSHIP PROGRAM) OHIO A YE?

Pwogram bous detid EdChoice la bay bous detid ke Eta a ap finanse pou elèv K-12 ki reponn ak kritè admisibilite yo. Bous detid a dwe itilize pou ale nan lekòl prive ki reponn ak kondisyon pou patisipasyon nan pwogram lan.

KILÈ YO PRAL AKSEPTE DEMANN POU EDCHOICE LA?

Peryòd demann lan pou pwogram **Bous Detid EdChoice Tradisyonèl** la ap ouvri Fevriye 1ye, 2024 epi pral rete ouvri jiska Jen 30, 2025. Fanmi yo dwe kontakte lekòl prive k ap patisipe yo epi ranpli pwosesis enskripsyon/admisyon an pou lekòl sa a. Yon fwa yo fin aksepte elèv la pou enskripsyon nan yon lekòl prive k ap patisipe pou lotòn 2024 la, yo kapab aplike pou yon EdChoice Scholarship atravè lekòl prive k ap patisipe a. Lekòl prive k ap patisipe yo antre demann bous yo pou elèv yo atravè sistèm demann anliy sekirize a.

KILÈS KI ELIJIB POU APLIKE POU TRADITIONAL EDCHOICE LA?

Elèv swivan yo ap elijib pou aplike pou yon Traditional EdChoice Scholarship:

- Moun ki enskri epi ki ale nan batiman lekòl piblik EdChoice yo nan distri rezidans yo a;
- Elèv ki enskri ak frekante lekòl kominotè ki t ap otreman afekte a batiman lekòl piblik EdChoice yo;
- Elèv enskri epi ki frekante lekòl piblik yo nan distri rezidans yo a ki t ap afekte a batiman lekòl piblik EdChoice pou ane k ap vini an;
- Elèv ki enskri nan lekòl Ohio yo pou premye fwa ki t ap afekte a batiman lekòl piblik EdChoice yo;
- Elèv ki gen frè ak sè ki te resevwa yon Bous EdChoice (EdChoice Scholarship) tradisyonèl nan ane presedan an;
- Elèv ki antre nan klas K-12 ki t ap afekte nan batiman lekòl piblik EdChoice yo kèlkeswa kote yo ale lekòl ane avan an;
- Elèv ki te resevwa avan sa yon Bous Autism oubyen Jon Peterson men pa kalifye ankò paske yo pa bezwen sèvis edikasyon espesyal yo ankò;
- Elèv ki se timoun adoptif yo;
- Elèv ki rezide nan yon mezon akèy ki agreye;
- Elèv ki plase avèk yon gadyen, gadyen legal oubyen lakay yon paran;
- Elèv ki rezide nan menm fwaye ak yon elèv ki te plase avèk yon responsab, gadyen legal oubyen lakay yon paran pou omwen 45 jou youn apre lòt;
- Elèv ki rezide nan fwaye yon lòt pou omwen 45 jou epi si li pa t ret la, li t ap sanzabri; oubyen
- Elèv ki rezide nan yon fwaye avèk yon elèv ki t ap sanzabri (gade kritè avan an) pou omwen 45 jou youn apre lòt.

Elèv ki pa reponn ak okenn nan kritè elijibilite avan yo ap elijib pou **Bous Lekòl Ekspansyon EdChoice (EdChoice Expansion Scholarship)** la si yo reponn ak kritè swivan yo:

- Elèv la p ap viv nan Distri Lekòl Minisipal Cleveland lan (Cleveland Municipal School District); epi
- Soumèt revni fwaye a pou verifikasyon.

KIYÈS KI KONSIDERE KÒM YON FRÈ OUBYEN SÈ?

Nan revizyon aplikasyon yo, Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) pral itilize definisyon nan atik 3310.033 nan Kòd Revize Ohio (Ohio Revised Code) a:

“Frè ak sè (sibling)” vle di nenpòt nan sa ki swiv yo:

- (a) Yon frè, demi frè, sè, oubyen demi sè pa nesans, maryaj, oubyen adopsyon;
- (b) Yon kouzen pa nesans, maryaj, oubyen adopsyon ki rezide nan menm fwaye a;
- (c) Yon timoun adopte ki rezide nan menm fwaye a, ki gen ladan yon timoun ki adopte pa fanmi akèy li a;
- (d) Yon timoun ki rezide nan menm fwaye ki plase avèk yon gadyen oubyen gadyen legal;
- (e) Yon timoun ki rezide nan menm fwaye a epi se yon moun pwòch ki ap okipe li;
- (f) Nenpòt lòt timoun ki gen mwens pase dizwit ane ki rezide nan menm fwaye a pou omwen karant senk jou youn apre lòt nan espas dènye ane sivil la."

KI VALÈ BOUS DETID (SCHOLARSHIP) LA AP YE?

Montan Bous Lekòl EdChoice a aktyèlman se \$6,166 pou klas matènèl a 8èm ane ak \$8,408 pou klas 9èm ane a kontinye

12. EdChoice pral peye swa montan bous detid la oubyen montan reyèl frè eskolarite a lekòl prive a, ki mwens.

NÒT: Nenpòt demann ki soumèt aprè Oktòb 14 2024, pral bay nan yon pworata dire ane lekòl ki rete aprè dat enskripsyon elèv la nan lekòl prive a.

ÈSKE PARAN/GADYEN YO DWE PEYE YON MONTAN LAJAN KÈLKONK?

Montan bous detid la kapab sèlman itilize pou frè eskolarite yo. Paran ak/oubyen gadyen ki toujou kapab dwe peye frè enskripsyon yo, frè materyèl yo ak lòt tip frè ki sanble yo. Fanmi ki kalifye pou estati fèb revni (nan oubyen enferyè a 200 pousan Liy Direktris Povrete Federal yo) pa dwe peye okenn frè eskolarite ki pa kouvri pa bous la. Si frè eskolarite lekòl prive a pi elve pase montan Bous EdChoice la epi fanmi an pa kalifye pou estati fèb revni, fanmi an kapab gen obligasyon pou peye diferans lan.

ÈSKE BOUS EDCHOICE LA KAPAB RENOUVLE?

Wi, bous detid la kapab renouvle chak ane jiska 12èm ane toutotan elèv la:

1. Pa demenaje nan yon lòt distri lekòl piblik, amwens ke elèv la ta afekte ak yon lekòl piblik ke EdChoice te deziye nan nouvo distri elèv la (aplikab sèlman pou elèv ki te jwenn nan kòmansman yon bous baze sou yon batiman ke EdChoice te deziyen);
2. Pran tout evalyasyon ki rekòmande yo; ak
3. Pa genyen plis pase 20 absans non jistifye pou ane lekòl la.

ÈSKE PARAN YO AK ELÈV YO TA DWE APLIKE POU YON BOUS DETID EDCHOICE (EDCHOICE SCHOLARSHIP) DABÒ OUBYEN APLIKE POU ADMISYON NAN YON LEKÒL PRIVE DABÒ?

Paran yo ak elèv yo ta dwe dabò aplike pou admisyon nan lekòl prive k ap patisipe a. Yon fwa yo te fin aksepte elèv la pou enskripsyon nan lekòl prive a, lekòl prive a kapab soumèt yon demann bous detid pou elèv la atravè sistèm aplikasyon anliy sekirize a.

KI ENFÒMASYON KI NESESÈ POU APLIKE POU BOUS DETID LA?

Paran yo pral bay lekòl prive a yon kopi akt de nesans elèv la, yon kopi prèv adrès aktyèl ak Fòmilè Demann Bous Detid (Scholarship Request Form) la pou aplike pou bous detid la. Enfòmasyon adisyonèl tankou kanè elèv la, yon lèt notarye, dokiman gad yo oubyen enfòmasyon sou plasman familyal yo kapab nesèsè pou detèmine elijibilite elèv la pou yon bous detid. Paran ki renouvle bous detid pitit pa yo dwe prezante yon kopi prèv adrès aktyèl la ansanm ak Fòmilè Renouvèlman Bous Detid (Scholarship Renewal Form) la.

ÈSKE FANMI YO GEN OBLIGASYON POU FÈ VERIFYE REVNI PA YO POU APLIKE POU BOUS DETID LA?

Verifikasyon revni an pa rekòmande pou aplike pou yon Bous Detid EdChoice Tradisyonèl. Fanmi yo kapab kalifye pou estati fèb revni si yo chwazi fè verifye revni pa yo pou Bous Detid EdChoice la.

KÒMAN PARAN/GADYEN YO PRAL NOTIFYE SOU ESTATI APLIKASYON AN?

Apwobasyon kondisyonèl pou aplikasyon EdChoice yo pral bay nan espas senk jou aprè aplikasyon an fin soumèt nan sistèm aplikasyon bous detid anliy lan pa lekòl prive a. Lèt apwobasyon kondisyonèl la pral jenere ak founi bay paran/gadyen an pa lekòl prive a. Apwobasyon Kondisyonèl (Conditional Approval) se revizyon preliminè yon aplikasyon pou detèmine si elèv la elijib pou yon bous detid. Sa se pa apwobasyon final aplikasyon an. Enfòmasyon nan aplikasyon an pral revize nan espas 14 jou. Lekòl prive a pral jwenn notifikasyon nan espas 14 jou si yo te idantifye divès erè oubyen lakin. Tanpri kontakte lekòl prive a konsènan tout kesyon sou aplikasyon an. Atribisyon bous detid yo pral fèt chak peryòd epi yon lèt atribisyon ak yon fòmilè akseptasyon ap voye pa lapòs bay paran yo/gadyen an.

KI KOTE MWEN KAPAB JWENN PLIS ENFÒMASYON?

[Jwenn plis enfòmasyon](#) konsènan EdChoice sou sitwèb Depatman an oubyen kontakte edchoice@education.ohio.gov.

Pwogram Bous ak Titora Cleveland ap toujou disponib pou rezidan Distri Lekòl Minisipal Cleveland la. [Jwenn plis enfòmasyon](#) sou pwogram Cleveland lan sou sitwèb Depatman an.

Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) pa diskrimine sou baz ras, relijyon, sèks, nasyonalite, laj, andikap, oubyen orijin etnik. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a se yon [patwon opòtinite ekitab \(equal opportunity employer\)](#) ak yon founisè [sèvis ADA](#). Avi sou [Non-Diskriminasyon](#) Depatman an ap aplike pou tout pwogram yo ak aktivite yo.

Gade Depatman [Politik Diskriminasyon Enfimite](#) and [Politik Diskriminasyon Pwosedi pou Plent](#). Pou plis enfòmasyon sou avi sou non-diskriminasyon, vizite ocrcas.ed.gov/contact-ocr pou adrès ak nimewo telefòn biwo ki sèvi zòn ou an, oswa rele 1-800-421-3481..

